

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Jawa Barat téh kaasup salahsahiji provinsi di Indonésia anu kaitung lega, ngawengku 18 kabupatén jeung 9 kota. Salah sahiji kabupatén di Jawa Barat nyaéta karawang anu legana 175.327 Ha, ngawates jeung Kabupaten Bekasi ti Beulah kulon, ngawates jeung Kabupaten Purwakarta ti beulah kidul, ngawates jeung Kabupaten Subang ti beulah wétan, sarta ngawates jeung Laut Jawa ti beulah kalér.

Minangka salahsahiji kabupaten di Jawa Barat, Sacara administratif Kabupaten Karawang dibagi tilu wilayah pembantu bupati (Karawang, Rengasdengklok, jeung Cikampék) aya 14 kacamatan di antarana nyaéta Karawang, Pangkalan, Klari, Telukjambé, Rengasdengklok, Batujaya, Pedes, Rawamerta, Cikampék, Cimalaya, Jatisari, Talangsari, Tempuran, jeung Lemahabang (Yudibrata, 1990, kc.1).

Upama Jawa Barat disalusur tina basa nu digunakeun ku masarakatna tangtu basa Sunda. Najan di sababaraha daerah tapal wates aya anu ngagunakeun basa Jawa atawa basa séjénna. Hal anu ngirut pikeun ditalungtik nyaéta unggal wewengkon di Jawa Barat mibanda basa dialék séwang-séwang. Kaasup di Kabupaten Karawang najan basa sapopoéna basa Sunda, tapi miboga basa dialék anu jadi ciri has kahirupan urang Karawang.

Warga masarakat Karawang nu réréana ngagunakeun basa indungna basa Sunda bisa digambarkeun kalawan daria. Éta gambaran baris kapaluruh ku cara ngayakeun panalungtikan basa anu digunakeun ku masarakatna. Basa anu digunakeun éta, boh lisan boh tulisan bisa méré gambaran para panyaturna nu upama ditalungtik bisa méré informasi anu kacida pentingna (Yudibrata, 1990, kc.2). Kaayaan basa wewengkon Karawang perlu dimumulé, tarékah ngamumulé perlu dilaksanakeun sabab basa dialék Karawang bisa ngadeudeul kana basa Sunda lulugu. Salian ti éta, bisa méré gambaran ciri has ragam basa dialék karawang nu bédha ti basa lulugu.

Masarakat basa mangrupa istilah anu nyoko kana hiji kelompok manusa (sosialgéografis) di mana lumangsungna komunikasi anggahotana sacara sistematik dina wujud basa anu sarua (Halliday dina Firmansyah, 2021). Upama aya interaksi

ti masarakat anu béda basa, bakal nimbulkeun perluna ngagunakeun basa anu kaharti ku duanana. Di Kabupatén Karawang hususna mibanda basa dialék Sunda Karawang anu perlu dititénan tur didokuméntasikeun minangka basa nu hirup di wewengkon Karawang.

Kabeungharan basa Sunda anu dideudeul ku basa wewengkon bakal hirup upama digunakeun ku masarakatna. Boh dina paguneman, boh dina wangun tulisan. Hususna wangun tulisan panalungtik maluruh sababaraha karya sastra anu geus dibukukeun tur ngagunakeun basa wewengkon Karawang dina karyana. Salian ti éta, perluna aya tarékah ngadokuméntasikeun basa wewengkon ku cara digunakeun dina karya Sastra tuluy ditalungtik tina jihat basana.

Kawas basa Sunda buhun, basa dialék ogé mibanda posisi anu sarua. Nyoko kana ulikan linguistik, basa Sunda buhun nyaéta dialék temporal basa Sunda nu hirup dina jamanna tur dianggap ngawakilan kamekaran kabudayaan urang Sunda sarta buktina éta basa téh hirup dina wangun karya Sastra (Sudaryat, 2015, kc.143). Kitu deui, basa dialék Karawang ngawakilan kabudayaan urang Karawang, di antarana waé, ébréh dina karya sastra saperti dina dua buku kumpulan carpon karya Darpan, nyaéta *Rusiah Kaopatwelas* (2008) jeung *Nu Harayang Diharagaan* (2020). Dina tungtung éta buku aya *glosarium* anu mangrupa pituduh pikeun ngajéntrékeun basa wewengkon Karawang anu digunakeun dina karangan carpon. Keterangan basa Karawang kaasup tarékah pangarang pikeun ngawanohkeun katut ngadokuméntasikeun basa wewengkon Karawang ngaliwatan karyana.

Darpan minangka sastrawan anu dilélé Hadiyah Sastra Rancagé tina buku kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* (2020) perlu diapresiasi. Boh tina sastra, boh tina jihat basa perlu dianalisis kalawan daria dina panalungtikan. Munculna basa dialék Karawang dina carpon-carpon ngajadi ciri anu mandiri pikeun némbongkeun hasanah kabeungharan basa Sunda. Basa dialék dina basa Sunda perlu dimumulé tur didokuméntasikeun sangkan dipikawanoh tur dilarapkeun dina paguneman sapopoé.

Dina ieu panalungtikan, carpon-carpon anu dikarang ku Darpan téh dicirian heula basa wewengkonna, tuluy dianalisis dumasar kana wangun, tuluy dibandingkeun jeung basa Sunda lulugu, struktur léksikal, jeung harti kecapna. Ku

cara kitu, tarékah pikeun ngahirupkeun basa wewengkon Karawang dina karya karasa leuwih atra. Salian ti éta, tarékah pikeun numuwuhkeun kareueus kana basa wewengkon Karawang leuwih karasa. Upamana waé, kecap *kos* atawa *okos*, anu dina basa Sunda lulugu hartina *kawas* atawa *siga*. Kecap *kos* jeung *okos* geus némbongkeun yén basa Sunda dialék sosial Karawang kacida ngirutna pikeun ditalungtik.

Panalungtikan-panalungtikan ngeunaan basa dialék téh lain hal anu anyar, saméméhna kungsi aya sababaraha panalungtikan, di antarana, *Basa Sunda Dialék Majalengka di Kacamatan Rajagaluh* (Sri Suhartinah, 2020), *Sebaran Dialek di Kecamatan Babelan Kabupaten Bekasi: Kajian Sosiodialektologi* (Tika Sabrina, 2021), *Basa Sunda Dialék Indramayu di Kacamatan Léléa: Ulikan Wangun Harti Studi Kasus di Désa Léléa* (Deasty Herliyannie, 2018), jeung *Basa Sunda Dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal* (Enur Sri Mulyani, 2018).

Ari panalungtikan ngeunaan dialék dina wangun tésis, di antarana waé, anu judulna *Ragam Basa di Kecamatan Pakisjaya Kabupatén Karawang* (Nanang Suhéndar, 2016), jeung *Situasi Kabasaan Dialék Sunda Jeung Jawa Masarakat Kacamatan Ciasem Kabupatén Subang* (Riva Rosviana, 2020) anu méré gambaran asupna atawa digunakeunana basa Sunda dialék boh tina basa Sunda boh basa Jawa. Upama panalungtikan anu museur kana basa dialék Karawang nyaéta *Geografi Dialek Bahasa Sunda di Kabupaten Karawang* (Yudibrata Spk., 1990) anu hasilna ngagambarkeun larapna kecap-kecap dialék Karawang dumasar kana lokasi pamakéanana.

Lian ti Yudibrata, panalungtikan ngeunaan géografi basa dialék Karawang ogé kungsi ditalungtik, bédana leuwih ngagambarkeun variasi basa Karawang beulah kalér. Éta panalungtikan dipublikasi dina jurnal *Gramatika* anu judulna *Geografi Variasi Bahasa di Bagian Utara Karawang Jawa Barat* (Daman Huri, 2017). Tina panalungtikan-panalungtikan ngeunaan basa dialék sosial Karawang nu kungsi dilaksanakeun henteu kapanggih anu maluruh dialék sosial Karawang dina wangun tinulis.

Ieu panalungtikan museur kana ragam basa Sunda dialék sosial Karawang anu sumber datana tina ragam basa tinulis, nyaéta tina buku kumpulan carpon karya

Darpan. Ieu panalungtikan méré gambaran dilarapkeunana rupa-rupa kandaga kecap dialék sosial Karawang dina buku kumpulan carpon karya Darpan. Ku kituna, ieu panalungtikan anu judulna “Ragam Basa Sunda Dialék Sosial Karawang dina Buku Kumpulan Carpon karya Darpan (Ulikan Struktur jeung Léksikosemantik)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Idéntifikasi dina ieu panalungtikan ngawengku subjék jeung objék panalungtikan. Pikeun maluruh karya sastra hususna nu ngagunakeun basa wewengkon Karawang kapanggih dina karya sastra wangun carpon, hususna carpon-carpon beunang Darpan, anu judulna *Rusiah Kaopatwelas* (RK) jeung *Nu Harayang Dihargaan* (NHD). Dina éta buku kumpulan carpon téh bisa diidéntifikasi tilu hal, nyaéta (1) rupa-rupa ragam basa Sunda dialék Karawang, (2) wangun kecap ragam basa dialék Karawang, jeung (3) babandingan ragam basa Sunda dialék Karawang jeung basa Sunda lulugu.

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, bisa dirumuskeun tilu rumusan masalah saperti dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- a. Ragam basa Sunda dialék sosial Karawang naon waé nu aya dina buku kumpulan carpon karya Darpan?
- b. Kumaha wangun kecap ragam basa Sunda dialék nu aya dina buku kumpulan carpon karya Darpan?
- c. Kumaha babandingan léksikosemantik ragam basa Sunda dialék sosial Karawang jeung basa Sunda Lulugu?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Upama niténan rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga dua tujuan anu perlu didadarkeun nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus, anu dipedar saperti ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Pikeun mikanyaho, manggihan, ngumpulkeun, nganalisis jeung ngadokuméntasikeun ragam basa Sunda dialék sosial Karawang dina kumpulan carpon karya Darpan.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan museur pikeun ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta:

- a. ragam basa Sunda dialék sosial karawang dina buku kumpulan carpon karya Darpan;
- b. wangun kecap ragam basa Sunda dialék sosial Karawang nu aya dina buku kumpulan carpon karya Darpan;
- c. babandingan léksikosemantik ragam basa Sunda dialék sosial karawang jeung basa Sunda lulugu.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Saluyu jeung tujuan panalungtikan, sangkan leuwih jentré mangpaat ieu panalungtikan dibagi jadi opat kategori, nyaéta mangpaat tioritis, kawijakan, praktis, isu jeung aksi sosial, anu didadarkeun saperti di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan pikeun méré gambaran kalungguhan, kamekaran jeung hirup-huripna basa dialék Karawang di masarakatna. Darpan salaku urang Karawang geus némbongkeun tarékah Hususna variasi basa Sunda dina wangun tinulis. Dumasar kana tiori ieu panalungtikan nyumponan kajian struktur jeung léksikosemantik anu maluruh kaayaan basa nu ngawengku wangun jeung harti dina kandaga kecap. Ari kaayaan basa dialék sosial Karawang anu dipaluruh dina wangun tinulis mangrupa ciri inteléktualitas masarakat Sunda.

1.4.2 Mangpaat Kawijakan

Mangpaat kawijakan dina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi implikasi anu hadé pikeun lembaga atikan, lembaga basa, sangkan milu miara tur ngarawat basa dialék. Di lembaga atikan utamana kana pangajaran karya sastra Sunda

sangkan ngabuka potensi ngagunakeun basa sorangan anu kontéksna basa wewengkon bisa dilarapkeun. Upama di lembaga basa jadi titik pamiangan yén kabeungharan kandaga kecap basa Sunda hususna kudu terus ditambahna atawa dideudeul ku basa wewengkon.

1.4.3 Mangpaat Praktis

Mangpaat sacara praktis anu dipiharep ditujulkeun ka sababaraha intansi dina ieu panalungtikan, nyaéta:

- a. pikeun pamaréntah, leuwih niténan deui kahirupan tur kalungguhan basa wewengkon karawang minangka cicirén urang Karawang;
- b. pikeun guru, ieu panalungtikan téh hususna carpon nu ditalungtik minangka alternatif bahan pangajaran pikeun guru-guru. Conto-conto carpon anu ngagunakeun dialék Karawang baris dipedar dina ieu panalungtikan;
- c. pikeun référénsi, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban hasil panalungtikan basa Sunda tur jadi dokuméntasi pikeun lembaga atikan, sarta lembaga sastra Sunda; jeung
- d. pikeun masarakat, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahán référénsi historis ngeunaan kaayaan sosial hiji dina hiji karya sastra, sarta mikanyaho yén karya sastra téh dalit jeung kahirupan masarakat.

1.4.4 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Mangpaat isu jeung aksi sosial dina ieu panalungtikan téh dipiharep bisa jadi bahan tinimbangan kaayaan ragam basa Sunda dialék sosial Karawang dina kumpulan carpon karya Darpan, méré gambaran hasil analisis ragam basa Sunda dialék sosial, jeung babandingan léksikosemantik ragam basa Sunda dialék sosial Karawang dina karya Darpan kana basa Sunda lulugu. Lian ti éta, ieu panalungtikan ogé bisa dijadikeun tinimbang dina ngajén kaayaan basa wewengkon nu aya di Karawang. Ku ayana ieu tarékah, panalungtikan basa dialék dipiharep méré kasadaran kana rinékana masarakat Sunda nu miboga ciri has séwang-séwang.

1.5 Raraga Tulisan

Organisasi nulis tesis dina ieu panalungtikan bisa dipasing-pasing saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina perkara kasang tukang, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan (tujuan umum jeung tujuan husus), mangpaat panalungtikan (mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis), jeung raraga tulisan;

Bab II Ulikan jeung Raraga Mikir, euisna ngeunaan dasar tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan, hal hal anu dipedar nyaéta: konsép ulikan widang paélmuan dipatalikeun jeung rumusan masalah panalungtikan. Salian ti éta ogé didadarkeun ngeunaan panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir panalungtikan;

Bab III Métode Panalungtikan, eusina ngawengku sababaraha aspék nu ngarajong kana panalungtikan nyaéta desain panalungtikan, subjék jeung objék panalungtikan, intrumén panalungtikan, teknik ngumpulkeun data jeung téknik analisis data;

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina medar hasil panalungtikan ragam basa Sunda dialék karawang anu dipasing-pasing dumasa kana wangun, babandingan, struktur léksikal, jeung harti kecap. Salian ti éta disusun pedaran minangka gambaran hal-hal anu perlu didiskusikeun tina hasil analisis;

Bab V Kacindekan jeung Saran, eusina medar kacindekan mangrupa jawaban tina rumusan masalah panalungtikan. Ari saran ditujulkeun ka sababaraha anu boga kawijakan, ka nu ngagunakeun hasil panalungtikan, jeung ka panalungtik séjénna nu rék nalungktik atawa lajuning lakuna ieu panalungtikan.

Dessy Nurhabibah, 2023

RAGAM BASA SUNDA DIALÉK SOSIAL KARAWANG DINA BUKU KUMPULAN CARPON KARYA DARPARAN

(Ulikan Struktur jeung Léksikosemantik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu